# Апостол Павелы фыстæг дзуттæгтæм

## – 1 –

*Хуыцау адæмимæ ныхас кæны Йæ Фырты дзыхæй*

**1** Хуыцау бирæ хæттыты æмæ алы хуызты рагæй-æрæгмæ нæ фыдæлтимæ ныхас кодта пехуымпарты дзыхæй.

**2** Абон та, рæстæджы кæрон, немæ дзырдта, дун-дуне Кæй фæрцы сфæлдыста æмæ æппæтæн дæр бындарæй Кæй сæвæрдта, Йæ уыцы Фырты дзыхæй.

**3** Фырт у Хуыцауы намысы тæмæнкалгæ рухс; Фыды æмæ Фырты æрдзыхъæд иу у. Фырт æппæтыл дæр хæцы Йæ тыхджын ныхасæй; мах ссыгъдæг кодта тæригъæдтæй æмæ уæлæрвты сбадти Дунедарæджы рахиз фарс.

**4** Хуыцау Ын цы ном радта, уый зæдты нæмттæй цас кадджындæр у, уыйбæрц Фырт фæуæлдæр уыдонæй.

*Хуыцауы Фырт зæдтæй уæлдæр у*

**5** Уымæн æмæ Хуыцау зæдтæй кæд кæмæн загъта: «Ды Мæ Фырт дæ, Ды Мын абон райгуырдтæ»? Æмæ ноджыдæр: «Æз Йæ Фыд уыдзынæн, Уый та Мæ Фырт уыдзæн»?

**6** Йæ иунæг Фырты дунемæ хонгæйæ та Хуыцау загъта: «Табу Йын кæнæнт Хуыцауы æппæт зæдтæ».

**7** Зæдты тыххæй Сыгъдæг Фысты загъд у: «Дæ зæдты фестын кæныс дымгæтæ, Дæ цумагæнæнты – пиллон арт».

**8** Фырты тыххæй та афтæ загъд у: «Ды, Хуыцау, паддзахиуæг кæндзынæ мыггагмæ, Ды раст æлдариуæг кæныс Дæ Паддзахады.

**9** Ды бауарзтай рæстдзинад æмæ Дын æнæуынон у тæригъæд. Уымæ гæсгæ Дæу, Хуыцау, Дæ Хуыцау де 'мбæлттæй уæлдæр сæвæрдта; байсæрста Дæ циндæттæг зетийæ».

**10** Ноджыдæр загъд у: «Раздæр Ды, Хицау, бындур æрæвæрдтай зæххæн, æмæ арв дæр Ды сфæлдыстай.

**11** Уыдонæн æрцæуудзæни кæрон, Ды та дæ æмæ уыдзынæ мыггагмæ. Æппæт дæр ныххæррæгъ уыдзæни дарæсау,

**12** Ды сæ стухдзынæ пæлæзау, æмæ сæ раивдæуыдзæн дарæсау. Ды та цы дæ, уымæй баззайдзынæ, æмæ Дæ царды бонтæ нæ фæуыдзысты».

**13** Хуыцау зæдтæй кæд кæмæн загъта: «Сбад Мæ рахиз фарс, цалынмæ Дын Де знæгты Дæ къæхты бын æрæвæрон, уæдмæ»?

**14** Зæдтæ сеппæт дæр цумагæнæн удтæ не сты, мыййаг? Æмæ сæ

---

1:1 1 Пет. 1:10. 1:2 Ин. 1:3; 8:26; 15:15; Гал. 4:4; Эф. 1:10. 1:3 2 Кор. 4:4; Эф. 1:7; Кол. 1:15. 1:4 Флп. 2:9. 1:5 Дзут. 5:5. 1:8 Лк. 1:32. 1:9 Ин. 3:34; Ап. хъ. 4:27. 1:11 Мф. 24:35. 1:13 Мк. 12:36; 16:19; Эф. 1:20.

Хуыцау æрвиты, чи хъуамæ фер-
вæза, уыдоны сæраппонд балæггад
кæнынмæ.

# – 2 –

*Де ’ргом аздах фарны уацмæ*

**1** Уæдæ цы фехъуыстам, уымæ
хъуамæ здахæм уæлдай æргом, цæ-
мæй ма фæдзæгъæл уæм.
**2** Зæдты фæрцы загъд цы ныхас
æрцыд, уымæн æнæххæстгæнгæ куы
нæ уыд, æмæ-иу Æгъдау фехалыны
æмæ коммæ нæ бакæсыны тыххæй
адæймаг алкæддæр аккаг æфхæрд
куы баййæфта,
**3** Уæд мах куыд баззайдзы-
стæм æнæфхæрдæй, уыцы стыр
ирвæзындзинадыл æнувыд куы нæ
уæм, уæд? Ацы ирвæзындзинады
тыххæй фыццаг дзырдта Хицау,
æмæ йыл мах фидарæй бауæндын
кодтой, Уымæй йæ чи фехъуыста,
уыдон.
**4** Уыцы уац æцæг кæй у, уый
Хуыцау Йæхædæг равдыста æвди-
сæйнæгтæй, диссæгтæй, алыхуы-
зон домбай хъуыддæгтæй, Сыгъ-
дæг Уд цы курдиæттæ дæтты, уы-
донæй Йæхи фæндонмæ гæсгæ
бахай кæнынæй.

*Ирвæзынгæнæг Чырысти у*

**5** Цы фидæны дун-дунейы кой
кæнæм, уый Хуыцау зæдты дæл-
бар нæ бакодта.
**6** Афтæ кæй у, уый тыххæй чи-
дæр Сыгъдæг Фысты загъта: «Цы
у адæймаг, æмæ йыл Ды тыхсай?
Кæнæ цы у адæймаджы фырт,
æмæ йыл Ды мæт кæнай?
**7** Цыбыр æмгъуыдмæ йæ сæ-
вæрдтай зæдтæй дæлдæр, радтай
йын кад æмæ намыс. [Цы сфæл-
дыстай, уый йын бакодтай йæ бар.]
**8** Æппæт дæр ын æрæвæрдтай
йæ къæхты бын». Хуыцау ын æп-
пæт дæр йæ дæлбар куы бакодта,
уæд ын йæ дæлбар цы нæ бакодта,
ахæмæй ницыуал ныуагъта. Нып-
тæккæ та нæма уынæм, æппæт дæр
йæ дæлбар кæй у, уый.
**9** Фæлæ мах уынæм, цыбыр æм-
гъуыдмæ зæдтæй дæлдæр Кæй сæ-
вæрдæуыд, уыцы Йесо Йæ мæлæ-
ты руаджы кæй схайджын кад æмæ
намысæй. Уымæн æмæ хорзæхджын
Хуыцауы бафæндыд, Йесо алкæй
сæраппонд дæр мæлæт куыд бав-
зара.
**10** Æппæт дæр Кæмæн у æмæ æп-
пæт дæр Кæй фæрцы фæзынд, уы-
цы Хуыцауы бафæндыд Йæ бирæ
хъæбулты намысмæ æрхонын. Æмæ
уый тыххæй хъизæмæртты фæрцы
Йесойы уыдонæн скодта алцæмæй
дæр æххæст Ирвæзынгæнæг.
**11** Уымæн æмæ Сыгъдæггæнæг
дæр, стæй чи ссыгъдæг, уыдон
иууылдæр иунæг Хуыцауæй сты.
Уымæ гæсгæ сæ Йе ’фсымæртæ хо-
нын Чырысти æфсæрмыйагыл нæ
нымайы æмæ зæгъы:
**12** «Дæ ном фехъусын кæндзы-
нæн Ме ’фсымæртæн, се ’мбырды
æппæлдзынæн Дæуæй».
**13** Æмæ ноджыдæр: «Æз Ыл
дардзынæн Мæ зæрдæ». Æмæ

**2:2** Ап. хъ. 7:38, 53; Гал. 3:19; Дзут. 10:28. **2:3** Мф. 4:17; Лк. 1:2. **2:4** Мк. 16:20. **2:5** Мф. 28:18. **2:7** Мф. 27:46. **2:8** Мф. 28:18; 1 Кор. 15:27. **2:9** Ин. 3:16; Флп. 2:7, 11; Æрг. 5:9. **2:10** Лк. 24:26; Ин. 1:3. **2:11** Мф. 28:10; Ин. 20:17.

ноджыдæр: «Мæнæ Æз Мæхæдæг æмæ Мын Хуыцау кæй радта, Мæ уыцы хъæбултæ».

**14** Уæдæ хъæбултæ туг æмæ стæгæй кæй сты, уымæ гæсгæ Чырысти дæр сси уыдоны халдих, цæмæй Йæ мæлæты фæрцы мæлæты æлдары – хæйрæджы – æнæхай фæкæна йæ хъаруйæ,

**15** Æмæ ссæрибар кæна, сæ цæргæбонты мæлæты тасæй цагъар чи уыд, уыдоны.

**16** Кæй зæгъын æй хъæуы, Уый райста зæдты æрдзыхъæд нæ, фæлæ Авраамы байзæддаджы æрдзыхъæд.

**17** Йесо алцæмæй дæр хъуамæ уыдаид Йе 'фсымæрты хуызæн, цæмæй Хуыцауы раз суа уарзæгой æмæ иузæрдион Алчер æмæ æрхæсса Хуыцауимæ фидауынгæнæг нывонд адæмы тæригъæдты тыххæй.

**18** Æмæ Йæхæдæг фæлварæнтæ кæй бавзæрста, уымæ гæсгæ Йæ бон у, фæлварæнты чи бахауы, уыдонæн баххуыс кæнын.

# – 3 –

*Йесо æмæ Моисей*

**1** Уæдæ, мæ сыгъдæг æфсымæртæ, уæларвмæ хуындтытæ, уæ зæрдæ саразут Хуыцауы Минæвармæ – æргомæй кæуыл хæцæм, нæ уыцы уырнындзинады Алчер Йесомæ.

**2** Моисей Хуыцауы æппæт хæдзары куыд иузæрдион уыд, афтæ Йесо дæр иузæрдион у, Алчерæй Йæ Чи сæвæрдта, Ууыл.

**3** Фæлæ хæдзар саразæг хæдзарæй куыд кадджындæр у, афтæ Йесо дæр Моисейæ стырдæр намысы аккаг у.

**4** Уымæн æмæ алы хæдзарæн дæр ис аразæг, фæлæ æппæт дæр Хуыцау сарæзта.

**5** Моисей иузæрдион уыди Хуыцауы æппæт хæдзары, фæлæ лæггадгæнæгау, цæмæй æвдисæн уа, фидæны цы загъд уыдзæн, уымæн.

**6** Чырысти та Фыртау æнувыд у. Æвæрд æрцыд Хуыцауы æппæт хæдзары сæргъы, уыцы хæдзар та мах стæм, ныфсджын куы уæм æмæ цы зæрдæдарæнæй æппæлæм, ууыл æнувыд куы разынæм, уæд.

*Æнцой Хуыцауы адæмæн*

**7** Сыгъдæг Уд афтæ зæгъы: «Абон Хуыцауы хъæлæс куы фехъусат,

**8** Уæд уæ зæрдæтæ ма ныддур кæнут, уæ фыдæлтæ æдзæрæг бæстæйы Йæ ныхмæ куы сыстадысты æмæ Йæ куы фæлвæрдтой, уæдау.

**9** Фæлвæрдтой Мæ уым, къахтой Мæ, æмæ дыууиссæдз азы дæргъы уыдтой Мæ хъуыддæгтæ.

**10** Уымæ гæсгæ Æз смæсты дæн уыцы фæлтæрмæ æмæ загътон: сæ зæрдæтæ æдзух адзæгъæл вæййынц, нæ базыдтой Мæ фæндæгтæ.

**11** Æмæ Æз мæстæлгъæдæй расомы кодтон: уыдон Мæ фæлладуадзæнмæ никуы бацæудзысты».

---

[2:14] Ин. 1:14; Ром. 8:3; 1 Кор. 15:54; 2 Тим. 1:10. [2:15] Лк. 1:74; Ром. 8:15. [2:17] Флп. 2:7; Дзут. 5:2. [2:18] Дзут. 4:15. [3:1] Дзут. 2:11. [3:2] Дзут. 2:17. [3:6] 1 Кор. 3:16; Эф. 5:23; Кол. 1:23; 1 Тим. 3:15. [3:11] Дзут. 4:11.

**12** Уæдæ кæсут уæхимæ, æфсымæртæ, ахæм æвзæр æмæ хивæнд зæрдæ уæ макæмæн разынæд, æмæ Цардæгас Хуыцауы ныууадза.

**13** Фæлæ ма цалынмæ «абон» дзурæн ис, уæдмæ æрвылбон ныфс дæттут кæрæдзийæн, цæмæй тæригъæд макæй асайа сымахæй æмæ йæ зæрдæ макæмæн ныддур уа.

**14** Уымæн æмæ мах Чырыстиимæ æмхайджынтæ стæм, райдианы нæм цы уырнындзинад уыди, ууыл кæронмæ фидарæй куы хæцæм, уæд.

**15** Сыгъдæг Фыст дæр афтæ зæгъы: «Абон Хуыцауы хъæлæс куы фехъусат, уæд уæ зæрдæтæ ма ныддур кæнут, уæ фыдæлтæ Йæ ныхмæ куы сыстадысты, уæдау».

**16** Уымæн æмæ Моисей Мысырæй кæй ракодта, уыдон Хуыцауы хъæлæс куы фехъуыстой, уæд Йæ ныхмæ сыстадысты, æрмæст сеппæт нæ.

**17** Дыууиссæдз азы дæргъы Хуыцауы маст кæмæ фыхти? Тæригъæды чи бафтыд æмæ се стджытæ æдзæрæг бæстæйы кæмæн баззадысты, уыдонмæ Йын нæ фыхти, æви?

**18** Æгоммæгæстæй дарддæр кæмæн расомы кодта Хуыцау, Мæ фæлладуадзæнмæ никуы бацæудзысты, зæгъгæ?

**19** Уæдæ мах уынæм: хивæнд кæй уыдысты, уый тыххæй сын нæ бантыст бацæуын.

## – 4 –

**1** Уæдæ Хуыцауы фæлладуадзæнмæ бацæуыны тыххæй зæрдæвæрд цалынмæ йæ тыхы ис, уæдмæ тæрсæм, цæмæй сымахæй уыцы фæлладуадзæнæй æнæхай мачи фæуа.

**2** Уымæн æмæ фарны уац уыдон куыд фехъуыстой, мах дæр æй афтæ фехъуыстам. Фæлæ цы ныхас фехъуыстой, уый сын пайда не ’рхаста, уымæн æмæ йыл нæ баууæндыдысты.

**3** Мах та йыл баууæндыдыстæм æмæ цæуæм Хуыцауы фæлладуадзæнмæ, Уый куыд загъта, афтæ: «Æз мæстæлгъæдæй расомы кодтон: уыдон Мæ фæлладуадзæнмæ никуы бацæудзысты». Хуыцау та Йæ хъуыддæгтæ арæзт фæци, дуне куы сфæлдыста, уæд.

**4** Уымæн æмæ æвдæм боны тыххæй кæмдæр афтæ загъд у: «Æмæ æвдæм бон Хуыцау æрæнцад Йеппæт хъуыддæгтæй».

**5** Уыимæ ма ноджыдæр загъд у: «Уыдон Мæ фæлладуадзæнмæ никуы бацæудзысты».

**6** Уæдæ ма йæм чидæртæ хъуамæ бацæуой. Раздæр фарны уац чи фехъуыста, уыдон сæ хивæнды аххосæй кæй нæ бацыдысты,

**7** Уымæ гæсгæ ма Хуыцау ноджыдæр дæтты бæлвырд афон – «абон». Уый тыххæй бирæ рæстæджы фæстæ загъта Давиды дзыхæй, уæлдæр куыд загъд у, афтæ: «Абон Хуыцауы хъæлæс куы фехъусат, уæд уæ зæрдæтæ ма ныддур кæнут».

**8** Нуны фырт Йесо сын æнцой куы æрхастаид, уæд уый фæстæ Хуыцау æндæр боны тыххæй нал загътаид.

---

**3:13** 1 Фес. 5:11. **3:14** Ром. 8:17; Эфес. 5:30. **3:15** Дзут. 4:7. **4:2** 1 Пет. 1:12. **4:3** Дзут. 3:11. **4:7** Дзут. 3:7-8.

**9** Уæдæ Хуыцауы адæмæн нырма æрцæудзæни фæлладуадзæн сабат.

**10** Хуыцауы фæлладуадзæнмæ чи бацыд, уый йæхæдæг дæр æрæнцад йæ хъуыддæгтæй, Хуыцау Йæ хъуыддæгтæй куыд æрæнцад, афтæ.

**11** Уæдæ бацархайæм уыцы фæлладуадзæнмæ бацæуыныл, цæмæй мачи бафæзма хивæндты æмæ сæ хал ма ахæра.

**12** Уымæн æмæ Хуыцауы ныхас у цæрдуд æмæ хъомысджын, цавæрфæнды дыком цирхъæй цыргъдæр: уый ахъары афтæ, æмæ кæрæдзийæ фæхицæн кæны зæрдæ æмæ уд, æрхæджытæ æмæ стджыты магъз, тæрхон кæны сусæг фæндтæ æмæ хъуыдытæн.

**13** Æмæ Хуыцау кæй сфæлдыста, уыдонæй Дзы сусæг ничи у. Æппæт дæр Ын æргом у – дзуапп Уымæн ратдзыстæм.

### *Чырысти –<br>Аргъуаны стыр Алчер*

**14** Уæдæ махæн ис, уæлæрвтыл Чи ахызти, уыцы стыр Алчер Йесо, Хуыцауы Фырт, æмæ фидар ныххæцæм, æргомæй цæуыл æууæндæм, ууыл.

**15** Нæ Алчер ахæм нæу, нæ лæмæгъдзинæдтæ нын Чи нæ бамбара, уымæн æмæ Уый дæр, махау, бавзæрста æппæт фæлварæнтæ, фæлæ тæригъæд нæ ракодта.

**16** Уымæ гæсгæ ныфсджынæй балæууæм, хорзæх кæцæй цæуы, Хуыцауы уыцы бадæны раз, цæмæй нын уа хатыр æмæ бахъуаджы рæстæг æххуысæн райсæм хорзæх.

## – 5 –

**1** Уымæн æмæ алы алчеры дæр адæмæй сæвзæрстæуы, адæмы сæраппонд æй сæвæрдæуы Хуыцауæн кусæгæй, тæригъæдты тыххæй хуынтæ æмæ нывондтæ куыд хæсса.

**2** Йæ бон у, чи фæдзæгъæл, уыцы æнæфендтыл æрвæссын, уымæн æмæ йæхæдæг дæр лæмæгъ у.

**3** Уымæ гæсгæ адæмы тæригъæдты æмрæнхъ йæхи тæригъæдты тыххæй дæр хъуамæ хæсса нывондтæ.

**4** Æмæ ахæм стыр бынаты йæхи ничи сæвæрдзæн – Хуыцау æй хъуамæ сæвзара, Аароны куыд сæвзæрста, афтæ.

**5** Чырысти дæр Алчеры намыс Йæхæдæг нæ радта Йæхицæн, фæлæ Йын афтæ Чи загъта: «Ды Мæ Фырт дæ, Ды Мын абон райгуырдтæ», Уый Йын æй радта,

**6** Æндæр ран дæр ма куыд загъд у, афтæ: «Ды Мелхиседекы хуызæн Алчер дæ мыггагмæ».

**7** Уый ма зæххыл куы уыди, уæд, дзыназгæйæ æмæ цæссыг калгæйæ, куывта æмæ куырдта, мæлæтæй Йæ фервæзын кæнын Кæй бон уыди, уыцы Хуыцауæй, æмæ Йæ Уый фехъуыста, кæй Йæ нымадта, уый тыххæй.

**8** Кæд Хуыцауы Фырт уыди, уæддæр тухæнты фæрцы сси коммæгæс,

---

**4:9** Æрг. 7:14; 14:13. **4:12** 2 Кор. 10:4; Эф. 6:17; Æрг. 1:16. **4:14** Дзут. 6:20. **4:15** Дзут. 2:17. **4:16** Ром. 3:25; Эф. 3:2. **5:5** Ин. 8:54; Дзут. 1:5. **5:6** Дзут. 7:17. **5:7** Мф. 26:39; Мк. 14:35-36; Лк. 22:44; Ин. 12:27. **5:8** Флп. 2:7-8; Дзут. 1:5.

**9** Сæххæст алцæмæй дæр, æмæ Йеппæт коммæгæстæн фестад мыггагмæйы ирвæзындзинады гуырæн.

**10** Æмæ Йæ Хуыцау расидти Мелхиседекы хуызæн Алчерæй.

*Æхсыр æмæ хъæбæр хойраг*

**11** Уый тыххæй ма нын бирæ дзурын æмбæлы, фæлæ нын зын у сымахæн æй бамбарын кæнын, уымæн æмæ хъусынхъом нал стут.

**12** Цас рæстæг рацыд, уымæ гæсгæ ныр ахуыргæнджытæ хъуамæ уаиккат, сымахæн та хъæуы, цæмæй уын исчи ногæй амона Хуыцауы ныхасы абетæ; хъæбæр хойраг нæ, фæлæ та уæ ногæй æхсыр хъæуы.

**13** Йæ хойраг æхсыр кæмæн у, уый раст цы у, уымæн ницы æмбары, уымæн æмæ нырма дзидзидай у.

**14** Чи бахъомыл, йæ фæлтæрддзинады фæрцы хорз æмæ фыдæх хицæн кæнынмæ чи арæхсы, хъæбæр хойраг уыдонæн у.

# – 6 –

**1** Уæдæ ныууадзæм Чырыстийы ахуырады абетæ æмæ не 'ргом аздахæм, хъомылæн цы æмбæлы, уымæ. Ма бавналæм ногæй бындур æвæрынмæ – мауал ахуыр кæнæм мæлæтхæссæг хъуыддæгтыл æрфæсмон кæныныл æмæ Хуыцауыл æууæндыныл,

**2** Алыхуызон аргъуыдтыл, къухтæ æрæвæрыныл, мæрдты райгасыл æмæ мыггагмæйы тæрхон рахæссыныл.

**3** Нæ фæлæ Хуыцау фадат куы ратта, уæд нæ къухы бафтдзæни дарддæр ацæуын.

**4** Уымæн æмæ иу хатт рухс кæй зæрдæйы ссыгъдæуыд, уæларвон хорзæхы ад чи базыдта æмæ Сыгъдæг Удæй чи схайджын,

**5** Хуыцауы ныхас куыд арфæйаг у, уый чи базыдта, фидæны дунейы цы тых æвдыст æрцæуыдзæн, уый чи банкъардта,

**6** Æмæ уый фæстæ уырныдзинад чи ныууагъта, уыдонæн дыккаг хатт фæсмонмæ æркæнæн нал ис, уымæн æмæ Хуыцауы Фырты ногæй сæ зæрдæты байтындзынц дзуарыл æмæ Йæ æгад кæнынц.

**7** Бирæ къæвдатæй æфсæст æмæ йæм чи зилы, уыдонæн цардыхосы зайæгхал дæттæг зæхх арфæгонд вæййы Хуыцауæй;

**8** Сындз æмæ пыхсы бын чи фæвæййы, уыцы зæхх та ницæмæн бæззы æмæ у æлгъыстæввонг, æппынфæстаг арты амæддаг бауыдзæн.

**9** Æниу, кæд дзургæ афтæ кæнæм, мæ уарзон хæлæрттæ, уæддæр æууæндæм, сымах хуыздæр уавæры кæй стут æмæ ирвæзындзинады фæндагыл кæй цæут, ууыл.

**10** Уымæн æмæ Хуыцау раст у, æмæ Дзы нæ ферох уыдзæн, сыгъдæджытæн цы лæггад бакодтат æмæ кæнут, уымæй Йæ кадæн цы фæллой æмæ уарзондзинад равдыстат, уый.

**11** Мах бæллæм, цæмæй уæ алчидæр кæронмæ баззайа ахæм

**5:11** Мф. 13:15; Ин. 16:12. **5:12** Ин. 3:10; 1 Пет. 2:2; 1 Кор. 3:1. **5:13** 1 Кор. 13:11; 14:20. **5:14** Эф. 4:13; Флп. 3:15. **6:4** Мф. 12:45. **6:6** 2 Пет. 2:20; 1 Ин. 5:16; Дзут. 10:29. **6:8** Мк. 11:21. **6:10** Мф. 10:42; 25:40.

æнувыдæй æмæ æххæстæй райса, йæ зæрдæ цæуыл дары, уый.

**12** Ма сут зивæггæнаг, фæлæ фæзмут, Хуыцау зæрдæ цæмæй бавæры, уый уырнындзинады æмæ фæразоны фæрцы чи райсы, уыдоны.

*Хуыцау зæрдæ бавæрдта*

**13** Хуыцау Авраамæн зæрдæ куы æвæрдта, уæд ын Йæхицæй сомы кодта, уымæн æмæ Йæхицæй уæлдæр кæмæй расомы кодтаид, ахæм нæ уыди.

**14** Хуыцау загъта: «Æцæгæй дæ Мæ арфæты бын фæкæндзынæн æмæ дын ратдзынæн тынг бирæ цот».

**15** Æмæ фæразонæй бирæ фенхъæлмæ кæсыны фæстæ Авраам райста, Хуыцау ын зæрдæ цæмæй бавæрдта, уый.

**16** Адæм сомы кæнынц сæхицæй уæлдæрæй, æмæ сæ ныхас раст кæй у, уымæн æвдисæн вæййы сæ уыцы сомы, æмæ уæд алы быцæуæн дæр æрцæуы кæрон.

**17** Афтæ Хуыцау дæр Йæ зæрдæвæрд сфидар кодта сомыйæ; зæрдæ сын цæмæй бавæрдта, уый чи хъуамæ райстаид, уыдонæн Йæ сомыйæ бæлвырд равдыста, Йæ фæндон кæй никуы аивдзæн, уый.

**18** Хуыцауы зæрдæвæрд æмæ сомыйæн ивæн нæй, æмæ дзы Хуыцауы бон мæнг зæгъын нæу. Йæ уыцы дыууæ хъуыддаджы махæн дæттынц стыр ныфс, æмæ мах, Хуыцауы дæлбазыр æмбæхсæн ссарджытæ, фидар хæцæм, зæрдæ нын цæмæй бавæрдта, ууыл.

**19** Уыцы зæрдæдарæн махæн у науæнгуырау æдас æмæ фидар, æмæ кæны фæсæмбæрзæнмæ – Иууылсыгъдæг Бынатмæ,

**20** Мелхиседекы хуызæн Алчер мыггагмæ Чи сси, уыцы Йесо нæ сæраппонд фæндагамонæгæй кæдæм бацыди, уырдæм.

# – 7 –

*Мелхиседек*

**1** Мелхиседек уыди Салимы паддзах, Дунедарæг Хуыцауы алчер. Паддзæхты ныддæрæн кæныны фæстæ Авраам куы æрбацæйздæхт, уæд Мелхиседек рацыд йæ размæ æмæ йыл Хуыцауы арфæ бафтыдта.

**2** Авраам уымæн алцæмæй дæр рахицæн кодта дæсæймаг хай. Йæ ном «Мелхиседек» амоны «Рæстады паддзах»; уый у Салимы паддзах, ома, «Фарны паддзах».

**3** Мелхиседекæн нæй фыд, мад, фыдæлтæ, йæ цардæн нæй райдайæн æмæ кæрон. Хуыцауы Фырты хуызæн уæвгæйæ, уый у алчер мыггагмæ.

**4** Уынут, нæ рагфыдæл Авраам паддзæхтæй цы байста, уыдонæн сæ хуыздæр дæсæймаг хай кæмæн радта, уый куыд цытджын у!

**5** Сауджынтæ чи свæййы, Левийы уыцы байзæддагæн Æгъдаумæ гæсгæ ис адæмæй, ома, се 'фсымæртæй, дæсæймаг хай æмбырд кæныны бар, кæд се 'фсымæртæ дæр Авраамы байзæддаг сты, уæддæр.

**6** Мелхиседек та Левийы хæдзарвæндагæй нæ уыди, фæлæ райста дæсæймаг хай Авраамæй – Хуыцау

---

[6:13] Лк. 1:73. [6:15] Ром. 4:17.

зæрдæ кæмæн бавæрдта, уымæй – æмæ йыл арфæ бафтыдта.

**7** Хуыцауы арфæ кæуыл бафтыдæуы, уымæй арфæгæнæг уæлдæр кæй у, уый та гуырысхойаг никæмæн у.

**8** Уыимæ дæсæймаг хай чи исы, Левийы уыцы байзæддæгтæ æнæ мæлгæ не сты, Мелхиседекы тыххæй та Сыгъдæг Фыст зæгъы, удæгас у, зæгъгæ.

**9** Ис афтæ зæгъæн дæр: Авраам дæсæймаг хай Мелхиседекæн куы радта, уæд ма йын æй радта, дæсæймаг хай Израилы кæй байзæддæгтæ исынц, уыцы Левий дæр.

**10** Уымæн æмæ Мелхиседек Авраамы размæ куы рацыд, уæд Левий кæд гуырд нæма уыд, уæддæр ныридæгæн йæ фыдæлы туджы уыд.

*Чырысти – мыггагмæйы Алчер*

**11** Сауджынты – Левийы байзæддæгты лæггад уыд адæмæн лæвæрд Æгъдауы бындур. Алцыдæр уыдоны фæрцы куы сæнаипп уыдаид, уæд ма цæмæн хъуыди, Аароны хуызæн нæ, фæлæ Мелхиседекы хуызæн у, зæгъгæ, Кæй тыххæй загъд у, ахæм æндæр Алчер?

**12** Сауджынты лæггад æндæрæй куы баивдæуа, уæд Æгъдау дæр хъуамæ æнæмæнг баивдæуа.

**13** Æппæт уыдæттæ Кæй тыххæй загъд сты, Уый, нæ Хицау, æндæр хæдзарвæндагæй у – уыцы хæдзарвæндагæй нывондхæссæны цур ничи лæггад кодта.

**14** Нæ Хицау хурау Иудæйы хæдзарвæндагæй кæй скасти, уый бæлвырд у. Уыцы хæдзарвæндагæй сауджынтæ кæй уыдзæни, Моисей уый тыххæй ницы загъта.

**15** Фæлæ ивддзинад ноджы фæбæлвырддæр, Мелхиседекы хуызæн æндæр Алчер куы æрцыд, уæд.

**16** Æмæ Уый Алчер сси, бæлвырд хæдзарвæндагæй рацæуын чи домдта, уыцы Æгъдаумæ гæсгæ нæ, фæлæ æнæфæугæ царды хъомысæй.

**17** Уый тыххæй зæгъы Сыгъдæг Фыст: «Ды Мелхиседекы хуызæн Алчер дæ мыггагмæ».

**18** Раздæры фæдзæхст та аивдæуы, æдых æмæ æнæпайда кæй свæййы, уымæ гæсгæ.

**19** Уымæн æмæ Æгъдау алцæмæй дæр æнаипп ницы скодта. Ныр та лæвæрд æрцыди, Хуыцаумæ кæй фæрцы хæстæгдæр кæнæм, ахæм хуыздæр зæрдæдарæн.

**20** Уыцы фидыд сомыйæ фидаргонд æрцыд.

**21** Иннæтæ æнæ сомыйæ систы алчертæ, Уый та – Хуыцауы сомыимæ: «Расомы кодта Хуыцау æмæ Йæ уынаффæ нæ аивдзæн: Ды [Мелхиседекы хуызæн] Алчер дæ мыггагмæ».

**22** Афтæмæй Йесо сси хуыздæр фидыдæн йæ цæджындз.

**23** Стæй иннæ алчертæ бирæ уыдысты, уымæн æмæ дзы мæлæт никæмæн лæвæрдта мыггагмæ алчерæй баззайыны фадат.

**24** Йесо та мыггагмæ кæй цæры, уымæ гæсгæ мыггагмæ у Алчер.

**25** Æмæ Йæ фæрцы Хуыцаумæ чи æрцæуы, уыдоны бынтон фервæзын кæнын Йæ бон у, уымæн

---

**7:11** Гал. 2:21; Дзут. 8:7. **7:14** Мф. 2:6; Æрг. 5:5. **7:17** Дзут. 5:6. **7:18** Ром. 8:3; Гал. 4:9. **7:19** Ин. 1:17; Ап. хъ. 13:39; Ром. 5:2. **7:22** Дзут. 8:6.

æмæ мыггагмæ æгас у, цæмæй Хуыцауæй кура уыдоны тыххæй.

**26** Растдæр нын ахæм Алчер хъуамæ уыдаид: сыгъдæг, фыдбылызмæ æнæмхиц, æнаипп, тæригъæдджынтæй хицæн æмæ уæлæрвтæй уæлдæр ссæуæг.

**27** Уый иннæ алчерты хуызæн нæу; æрвылбон Æй фыццаг Йæхи тæригъæдты, уый фæстæ та адæмы тæригъæдты тыххæй нывондтæ хæссыны сæр нæ хъæуы. Йесо уый бакодта иу хатт æмæ мыггагмæ, Йæхи нывондæн куы æрхаста, уæд.

**28** Уымæн æмæ Æгъдау алчертæй æвæры лæмæгъ адæймæгты; Æгъдау раттыны фæстæ Хуыцау цы сомы ракодта, уымæ гæсгæ та Алчерæй сæвæрдæуыд, мыггагмæ алцæмæй дæр Чи сæххæст, уыцы Фырты.

## – 8 –

### *Ног фидыды Алчер*

**1** Нæ ныхасы сæр та мæнæ уый у: махæн ис, уæлæрвты Дунедарæджы рахиз фарс Чи сбадт, ахæм Алчер.

**2** Уый лæггад кæны æцæг кувæндоны – адæймаг нæ, фæлæ Хуыцау кæй сарæзта, уыцы Сыгъдæг Цатыры.

**3** Алы алчеры дæр сæвæрдæуы хуынтæ æмæ нывондтæ æрхæссынæн. Уымæ гæсгæ хъуыди, цæмæй Уымæ дæр уыдаид, нывондæн цы æрхастаид, уый.

**4** Уый зæххыл куы уаид, уæд Алчер дæр нæ уыдаид. Уымæн æмæ Æгъдаумæ гæсгæ нывондтæ чи хæссы, ам, зæххыл, ахæм алчертæ ис.

**5** Уыдон лæггад кæнынц, уæларвы цы ис, уымæн æрмæстдæр йæ фæлгонц æмæ йæ ауuон чи у, уыцы кувæндоны – Моисей Сыгъдæг Цатыр аразынмæ куы бавнæлдта, уæд ын Хуыцау куыд загъта, афтæ: «Хъусыс, æппæт дæр сараз, хохыл дын куыд равдыстæуыд, уымæ гæсгæ».

**6** Фæлæ Йесо цы Алчеры куыст райста, уый уыдоны куыстæй уæлдæр у, уымæн æмæ Йесо хуыздæр фидыды Æхсæнылæг у æмæ уыцы фидыд хуыздæр зæрдæвæрдыл æнцой кæны.

**7** Уымæн æмæ фыццаг фидыд куы ницы хъуаг уыдаид, уæд дыккаджы сæр нæ бахъуыдаид.

**8** Фæлæ сын Хуыцау уайдзæф кæны: «Мæнæ ралæудзæн рæстæг, зæгъы Хуыцау, æмæ Израилы байзæддагимæ æмæ Иудæйы байзæддагимæ Æз сараздзынæн ног фидыд.

**9** Уый нæ уыдзæн, мысыраг зæххæй ракæныны тыххæй сын сæ фыдæлты къухыл куы рахæцыдтæн, уæд уыдонимæ цы фидыд сарæзтон, ахæм. Уымæн æмæ уыдон Мæ уыцы фидыдмæ гæсгæ нæ цардысты, æмæ сæ Æз ныууагътон, зæгъы Хуыцау.

**10** Мæнæ, зæгъы Хуыцау, уыцы бонты фæстæ Израилы байзæддагимæ кæй сараздзынæн, уыцы фидыд: сæ зонды сын нывæрдзынæн æмæ сæ зæрдæтыл ныффысдзынæн

---

**7:25** 1 Ин. 1:2; Ром. 8:34; 1 Тим. 2:5. **7:26** Лк. 1:35; 1 Пет. 2:22. **8:1** Дзут. 1:3; 3:1; 4:14; 7:26. **8:2** Дзут. 10:21. **8:3** Эф. 5:2. **8:5** Ап. хъ. 7:44; Кол. 2:17; Дзут. 10:1. **8:6** Дзут. 7:16; 9:13. **8:8** Ром. 11:27; Дзут. 10:16.

Ме ’гъдæуттæ, æмæ уыдзынæн сæ
Хуыцау, уыдон та уыдзысты Мæ
адæм.

**11** Уæд алчи йе ’мбæстаджы æмæ
йе ’фсымæры нæ ахуыр кæндзæн
æмæ йын нæ дзурдзæн: „Базон
Хуыцауы“, уымæн æмæ иууылдæр,
стырæй-чысылæй, зондзысты Мæн.

**12** Уымæн æмæ сын Æз ныббар-
дзынæн сæ галиу митæ, сæ тæри-
гъæдтæ сын нал æрымысдзынæн».

**13** Уыцы фидыд ног схонгæйæ,
Хуыцау фенын кодта, фыццаг фи-
дыд кæй базæронд, уый. Цы ных-
хæррæгъ æмæ базæронд уа, уымæн
та йе сæфт æрæввахс вæййы.

# – 9 –

*Фыццаг фидыд*

**1** Фыццаг фидыдæн уыди йæхи
домæнтæ, Хуыцауæн куыд кусын
хъæуы, уый тыххæй, стæй зæххон
кувæндон – Сыгъдæг Цатыр.

**2** Цатыры фыццаг уат хуынди
«Сыгъдæг бынат». Сарæзтæйæуыд
афтæ, æмæ дзы уыди цырагъда-
рæн, фынг æмæ нывонд дзултæ.

**3** Дыккаг æмбæрзæны фæстæ та
уыди, «Иууылсыгъдæг» чи хуый-
ны, уыцы уат.

**4** Уыди дзы сызгъæрин будсу-
дзæн æмæ фидыды Чырын, йеппæт
фæрстыл дæр – сызгъæрин цъар.
Йæ мидæг уыдысты сызгъæрин къус
маннæимæ, Аароны билцъæфтыд
лæдзæг æмæ, фæдзæхстытæ цы
къæйтыл фыст уыдысты, уыдон.

**5** Чырыны сæрмæ та – херувим-
тæ, Хуыцауы намыс уым кæй ис,
уый æвдисынæн; сæ дæлбазыр уы-
ди тæригъæдтæ ныббарыны бынат.
Æппæт уыдæтты тыххæй ныр бæл-
вырд дзурын нæ хъæуы.

**6** Æппæт дæр сарæзтæуыд аф-
тæ, æмæ фыццаг уатмæ Хуыцауæн
лæггад кæнынмæ кæддæриддæр
цыдысты сауджынтæ;

**7** Дыккаг уатмæ та – æрмæст-
дæр алчер афæдз иу хатт тугимæ,
æмæ-иу æй нывондæн æрхаста йæ-
хи тæригъæдты, стæй адæм нæзон-
гæйæ цы тæригъæдтæ ракодтой,
уыдоны тыххæй.

**8** Уымæй Сыгъдæг Уд æвдисы,
зæгъгæ, цалынмæ раздæры Цатыр
ис, уæдмæ Иууылсыгъдæгмæ ба-
цæуæн нæй.

**9** Сыгъдæг Цатыр фæсномыгæй
абонмæ амоны: Хуыцауæн цы хуын-
тæ æмæ нывондтæ хæссынц, уыдон
ницы ахъаз сты се ’рхæсджыты æф-
сармы тæрхонæй фервæзын кæ-
нынæн.

**10** Уыцы нывондтæ хæрды, ноз-
ты æмæ буар ссыгъдæджы æгъ-
дæуттимæ æрмæстдæр сты, буар-
мæ чи хауы, ахæм домæнтæ; уыдон
æххæстгæнинаг уыдысты хуыздæр
уагæвæрды æрцыдмæ.

*Ног фидыд*

**11** Ныр та æрцыд Чырысти – æцæг
хорзæхтæ нын Чи æрхаста, уыцы
Алчер, æмæ бацыд æндæр Цатырмæ.
Уыцы Цатыр у ахсджиагдæр æмæ ал-
цæмæй дæр æххæст; лæджыкъухæй-
конд нæу, ома, нæу ацы дунейæ.

**12** Сæгъты æмæ родты тугимæ
нæ, фæлæ Йæхи Тугимæ иу хатт

**8:10** 2 Кор. 6:16. **8:11** 1 Ин. 2:27. **8:12** Дзут. 10:17. **9:9** Дзут. 7:19; 10:1. **9:10** Ром. 14:17.
**9:11** Дзут. 10:1.

æмæ мыггагмæ Чырысти бацыд Иууылсыгъдæгмæ, æмæ нæ мыггагмæ фервæзын кодта тæригъæды азымæй.

**13** Чи фæчъизи, уыдон кæд сæгъты æмæ галты туг, стæй нывонд дыгæрдыджы æртхутæг бапырх кæнынæй ссыгъдæг вæййынц Æгъдаумæ гæсгæ,

**14** Уæд цас æмæ цас тыхджындæр у, мыггагмæйы Уды фæрцы Хуыцауæн Йæхи æнаипп нывондæн Чи æрхаста, уыцы Чырыстийы Туг! Уыцы Туг мах фервæзын кæндзæн æфсармы тæрхонæй – ныууадздзыстæм мæлæтхæссæг хъуыддæгтæ æмæ кусдзыстæм цардæгас Хуыцауæн.

**15** Уымæ гæсгæ Чырысти у ног фидыды Æхсæнылæг, цæмæй мыггагмæйы хорзæхтæ райсынмæ хуындтытæ фыццаг фидыды заман цы тæригъæдтæ ракодтой, уыдон сын уой хатыргонд Йæ мæлæты фæрцы, æмæ райсой, Хуыцау сын зæрдæ цæмæй бавæрдта, уый.

**16** Æмæ кæд ныстуан* ис, уæд хъуамæ бæлвырд уа, йæ ныффыссæг кæй амард, уый.

**17** Уымæн æмæ ныстуан йæ тыхы бацæуы, йæ ныффыссæг куы амæлы, уæд; цалынмæ йæ ныффыссæг удæгас у, уæдмæ йын тых нæй.

**18** Уымæ гæсгæ фыццаг фидыд дæр йæ тыхы æнæ тугæй нæ бацыд.

**19** Уымæн æмæ Æгъдауы фæдзæхстытæ иууылдæр Моисей æппæт адæмæн куы фехъусын кодта, уæд райста родты æмæ сæгъты туг донимæ, стæй сырх къуымбил, иссоп, æмæ дзы бапырх кодта Æгъдауы чиныгыл æмæ адæмæн сеппæтыл дæр.

**20** Моисей загъта: «Уый у, Хуыцау уын кæй коммæ кæсын бафæдзæхста, уыцы фидыды туг».

**21** Уыцы тугæй бапырх кодта Сыгъдæг Цатыр дæр, стæй дзы Хуыцауæн лæггад кæнынæн чи уыдис, æппæт уыцы дзаумæттæ дæр.

**22** Æгъдаумæ гæсгæ, зæгъæн ис æмæ æппæт дæр сыгъдæггонд цæуы тугæй, æмæ туг куы нæ акæла, уæд хатыр нæй.

**23** Уæдæ уæларвы цы ис, уыдоны фæлгонцтæ хъуамæ сыгъдæггонд цæуой уыцы нывондтæй, уæларвоны та хуыздæр нывондтæ хъæуы.

**24** Чырысти бацыд, æцæг Иууылсыгъдæджы фæлгонц чи у, лæдджыкъухæйконд ахæм Иууылсыгъдæгмæ нæ, фæлæ комкоммæ уæларвмæ, цæмæй мах тыххæй æрлæууа Хуыцауы раз.

**25** Алчер æрвылаз нывонды тугимæ Иууылсыгъдæгмæ куыд цыдис, Йесо афтæ нæ бацыди Йæхи бирæ хæттыты нывондæн хæссынмæ.

**26** Афтæ куы уаид, уæд Æй дуне сфæлдисынæй фæстæмæ бирæ хæттыты бахъуыдаид хъизæмар кæнын. Ныр та Уый æрцыд иу хатт, рæстæджы кæронмæ, тæригъæд фесафыны сæраппонд Йæхи нывондæн æрхæссынмæ.

---

* **9:16** Бердзенаг æвзаг *фидыд* æмæ *ныстуан* иу дзырдæй æвдисы.

---

**9:12** Дзут. 10:12. **9:14** Лк. 1:74; Ин. 17:19; 1 Ин. 1:7; Тит. 2:14; Æрг. 1:5.
**9:15** 1 Пет. 3:18; Ром. 5:6. **9:17** Гал. 3:15.

**27** Адæймагæн иу хатт амæлын, стæй та тæрхоны раз æрлæууын куыд æмбæлы,

**28** Афтæ Чырысти дæр бирæты тæригъæдтæ Йæхимæ райсыны сæраппонд иу хатт Йæхи æрхаста нывондæн; дыккаг хатт та æрцæудзæн тæригъæдæй ссыгъдæг кæнынмæ нæ, фæлæ Йæм æнхъæлмæ чи кæсы, уыдоны фервæзын кæнынмæ.

## – 10 –

*Æнаипп нывонд*

**1** Фидæны цы хорзæхтæ хъуамæ æрцыдаид, Æгъдау уыдонæн сæхи не 'вдисы, фæлæ у æрмæст сæ ауон. Уымæ гæсгæ афæдзæй-афæдзмæ иудадзыг æмхуызон нывондтæ чи хæссы, Æгъдау уыдоны æнаипп никæд скæндзæн.

**2** Науæд нывондтæ нал хæссиккой, уымæн æмæ иу хатт æмæ мыггагмæ ссыгъдæг уаиккой тæригъæдæй æмæ сын се 'фсарм тæрхонгæнæг нал уаид.

**3** Фæлæ уыцы нывондтæ афæдзæй-афæдзмæ зæрдыл æрæфтауынц тæригъæдтæ,

**4** Уымæн æмæ галтæ æмæ сæгъты тугæй тæригъæдтæн фесафæн нæй.

**5** Чырысти дунемæ куы æрцыд, уæд уый тыххæй загъта Хуыцауæн: «Ды нывондтæ æмæ хуынтæ нæ бакуымдтай, фæлæ Мын æрцæттæ кодтай буар.

**6** Иууылсудзинаг нывондтæ æмæ тæригъæды тыххæй нывондтæ Дæуæн фæндон нæ уыдысты.

**7** Уæд Æз загътон: Мæн тыххæй Сыгъдæг Чиныджы фыст куыд у, афтæ мæнæ æрцыдтæн, Хуыцау, Дæ фæндон сæххæст кæнынмæ».

**8** Кæд уыцы нывондтæ Æгъдаумæ гæсгæ æрхастæуы, уæддæр Чырысти фыццаг загъта: «Нывондтæ, хуынтæ, иууылсудзинаг нывондтæ æмæ тæригъæды тыххæй нывондтæ Ды нæ бакуымдтай, фæндон Дын нæ уыдысты».

**9** Уый фæстæ ма Йæ ныхасмæ бафтыдта: «Мæнæ æрцыдтæн Дæ фæндон сæххæст кæнынмæ». Уый аивта фыццаг, цæмæй йæ тыхы бацæуа дыккаг.

**10** Хуыцауы уыцы фæндонмæ гæсгæ Йесо Чырысти Йæ буар иу хатт æмæ мыггагмæ æрхаста нывондæн, æмæ афтæмæй мах ссыгъдæг кодта æмæ баистæм Хуыцауы.

**11** Алы сауджын дæр æрвылбон лæггад кæны Хуыцауы раз æмæ бирæ хæттыты æрхæссы, тæригъæдтæ кæмæй никуы ис фесафæн, ахæм уыциу нывондтæ.

**12** Йесо та тæригъæдты тыххæй æрхаста иу нывонд, Хуыцауы рахиз фарс сбадти мыггагмæ,

**13** Æмæ уæдæй фæстæмæ æнхъæлмæ кæсы, Йе знæгты Йын цалынмæ Йæ къæхты бын æрæвæрдæуа, уæдмæ.

**14** Уымæн æмæ кæй ссыгъдæг кодта, уыдоны иу нывондæй мыггагмæ алцæмæй дæр скодта æнаипп.

**15** Уый тыххæй нын æвдисæн лæууы Сыгъдæг Уд дæр. Хуыцау куы загъта:

---

**9:28** 1 Пет. 3:18; Ром. 5:6. **10:1** Кол. 2:17. **10:4** Дзут. 9:12. **10:7** Ин. 5:46. **10:10** Дзут. 9:28. **10:11** Дзут. 9:9. **10:12** Дзут. 1:3. **10:13** 1 Кор. 15:25; Дзут. 1:13.

**16** «Мæнæ, зæгъы Хуыцау, уыцы бонты фæстæ семæ кæй саразздзынæн, уыцы фидыд: сæ зæрдæты сын нывæрдзынæн æмæ сæ зонды ныффысдзынæн Ме 'гъдæуттæ»,

**17** Уæд ма уый фæстæ ноджыдæр загъта: «Сæ тæригъæдтæ æмæ сын сæ æнæуаг митæ нал æрымысдзынæн».

**18** Тæригъæдтæ барст куы уой, уæд уыдоны тыххæй нывонд хæссын нал хъæуы.

*Баввахс ут Хуыцаумæ*

**19** Уæдæ нæ, æфсымæртæ, ныфс ис, Йесойы Туджы фæрцы ног æмæ цардæттæг фæндагыл Иууылсыгъдæгмæ кæй бацæудзыстæм, уымæй.

**20** Уыцы фæндаг нын æмбæрзæны, ома, Йæ буары фæрцы, Уый айгæрста æмæ йыл фыццаг Йæхæдæг ацыд.

**21** Æмæ нын афтæмæй Хуыцауы хæдзары сæргъы ис стыр Алчер.

**22** Уæдæ æрцæуæм Хуыцаумæ зæрдиагæй, фидар уырныдзинадимæ – Йесойы туг нын ссыгъдæг кодта нæ зæрдæтæ æмæ ссæрибар стæм æфсармы тæрхонæй, нæ буар нын цæхсадæуыд сыгъдæг донæй.

**23** Фидар ныххæцæм, æргомæй кæй тыххæй дзурæм, уыцы зæрдæдарæныл, уымæн æмæ зæрдæ Чи бавæрдта, Уый Йæ дзырд нæ сайы.

**24** Иу иннæйыл уæд æнувыд, кæрæдзи разæнгард кæнæм уарзынмæ æмæ хорз хъуыддæгтæм.

**25** Иуæй-иутæ куыд сахуыр сты, уыйау мах ма уадзæм не 'мбырд, фæлæ ныфс дæттæм кæрæдзийæн, уыцы бон куыд хæстæгдæр кæны, уый цас бæлвырддæр уынæм, афтæ ноджы æнувыддæрæй.

**26** Кæд æцæгад базыдтам æмæ уæддæр зонгæ-зонын тæригъæды бафтæм, уæд тæригъæдты тыххæй æндæр нывонд нал уыдзæн,

**27** Æмæ нын æрмæстдæр баззад тæрхонмæ, стæй Хуыцауы ныхмæлæуджытæ мыггагмæ цы æвирхъау арты амæддаг фæуыдзысты, уымæ тæрсгæ-ризгæйæ æнхъæлмæ кæсын.

**28** Моисейы Æгъдау чи не 'ххæст кодта, ахæм адæймаг дыууæ кæнæ æртæ æвдисæны ныхасæй кæд æгъатырæй мæлæтмæ лæвæрд цыди,

**29** Уæд, куыд æнхъæл стут, цас карздæр æфхæрды аккаг уыдзæни, Хуыцауы Фырты чи ссæнды æмæ, сыгъдæггонд кæмæй æрцыди, фидыды уыцы Туг чи ницæмæ дары æмæ хорзæх дæттæджы Уды чи фауы, уый?

**30** Мах зонæм Хуыцауы, афтæ Зæгъæджы: «Æз сæ Мæ маст райсдзынæн, бафхæрдзынæн сæ». Æмæ ноджыдæр: «Хицау тæрхон кæндзæн Йæ адæмæн».

**31** Тæссаг у цардæгас Хуыцауы къухтæм бахауын!

**32** Æрымысут, Хуыцау уæ зæрдæтæм рухс куы бауагъта æмæ уый фæстæ тохы бирæ зынтæн куы бафæрæзтат, уæ раздæры уыцы бонтæ.

**33** Куы уыл æгас адæмы раз цъыфкалæн кодтой æмæ уæ æфхæрдтой,

---

[10:16] Ром. 11:27; Дзут. 8:8. [10:19] Ин. 10:9; 14:6. [10:20] Мф. 27:51. [10:21] 1 Тим. 3:15. [10:22] 2 Кор. 7:1; Эф. 5:26. [10:25] 2 Пет. 3:8. [10:26] Дзут. 6:4. [10:28] Мф. 18:16; Ин. 8:17; 2 Кор. 13:1. [10:30] Ром. 12:19. [10:31] Лк. 12:5.

куы та уыдыстут, ахæм уавæры ма чи уыд, уыдоны фарсмæ.

**34** Уымæн æмæ тухæн кодтат ахæстытимæ дæр, æмæ уын уæ мулк куы хастой, уæд цин кодтат, хуыздæр æмæ уын æнæфæугæ мулк кæй ис, уый зонгæйæ.

**35** Уæдæ ма ныуудзут уæ зæрдæдарæн, æмæ уый тыххæй райсдзыстут стыр хæрзиуæг.

**36** Бафæразын уæ хъæуы, цæмæй кæронмæ сæххæст кæнат Хуыцауы фæндон æмæ райсат, зæрдæ уын цæмæй бавæрдæуыд, уый.

**37** Уымæн æмæ «бирæ нал хъæуы, хæрзгыццыл рæстæг ма, æмæ æрцæуинаг Чи у, Уый æрцæудзæн, нæ бафæстиат уыдзæн.

**38** Мæ рæстгæнæг уырнындзинады фæрцы цæрдзæни, фæстæмæ куы ахæца, уæд та дзы райгонд нæ уыдзынæн».

**39** Мах та, фæстæмæ чи ахæцы æмæ мæлæтмæ чи цæуы, уыдонæй не стæм, фæлæ фидар хæцæм нæ уырнындзинадыл, цæмæй фервæзын кæнæм нæ удтæ.

## – 11 –

*Уырнындзинад*

**1** Уырнындзинад та у, нæ зæрдæ цæуыл дарæм, ууыл фидарæй æууæндынгæнæг, æмæ цæстæй цы нæ уынæм, уый æргомгæнæг.

**2** Незаманты чи царди, уыцы адæмæй сæ уырнындзинады фæрцы раппæлыди Хуыцау.

**3** Уырнындзинады фæрцы мах базонæм: Хуыцау дун-дуне сфæлдыста Йæ ныхасæй – цæстæй цы нæ уынæм, уымæй рацыд, цæстæй цы уынæм, уый.

**4** Уырнындзинады фæрцы æрхаста Авел Хуыцауæн Каины нывондæй хуыздæр нывонд. Йæ уырнындзинады фæрцы йын Хуыцау райста йæ нывонд, æмæ уымæй равдыста, Авел рæстгæнæг кæй у, уый. Æмæ кæд Авел амарди, уæддæр йæ уырнындзинады фæрцы абон дæр ма дзуры.

**5** Енохмæ уырнындзинад кæй уыдис, уымæ гæсгæ йæ ахуыдта Хуыцау æмæ мæлæт нæ федта: «Зæххыл нал уыди – Хуыцау æй акодта». Уымæн æмæ йын йæ акæныны размæ Хуыцау загъта, Йæ зæрдæ Йын кæй балхæдта, уый тыххæй.

**6** Æнæ уырнындзинадæй та Хуыцауы зæрдæйæн балхæнæн нæй. Хуыцаумæ æрцæуæг хъуамæ æууæнда, Хуыцау кæй ис æмæ Йæ чи агуры, уыдонæн хорзæх кæй дæтты, ууыл.

**7** Цæстæй фенæн цæмæн нæма уыд, уый йын Хуыцау куы раргом кодта, уæд Ной, йæ уырнындзинады фæрцы Хуыцаумæ байхъусгæйæ, сарæзта, йæхæдæг æмæ йæ бинонтæ кæм фервæзтысты, уыцы нау; йæ уырнындзинадæй стæрхон кодта дунейæн, æмæ йæ Хуыцау йæ уырнындзинады фæрцы банымадта рæстгæнæгыл.

**8** Уырнындзинад æм кæй уыдис, уый фæрцы Авраам байхъуыста Хуыцаумæ, кæй хъуамæ райстаид, уыцы бæстæмæ ацæуыны тыххæй. Æмæ ацыди, кæдæм араст, уый нæ зонгæйæ.

---

10:34 Ап. хъ. 21:11. 10:35 Мф. 5:12. 10:38 Ром. 1:17; Гал. 3:11. 11:1 Ром. 8:24. 11:4 Мф. 23:35.

**9** Уырнындзинад æм кæй уыдис,
уый фæрцы Авраам æцæгæлонау
æрцард, зæрдæ йын кæмæй бавæр-
дæуыд, уыцы зæххыл. Царди ца-
тырты; афтæ цардысты Исаак æмæ
Иаков дæр – уыциу зæрдæвæрд
Хуыцау уыдонæн дæр радта.

**10** Уымæн æмæ Авраам æнхъæл-
мæ каст, фидар бындур кæмæн ис,
Хуыцау йæ нывгæнæг æмæ аразæг
кæмæн у, уыцы сахармæ.

**11** Саррæ уыди æнæзæнæг, стæй
сывæллон ныййарыны кары дæр
нал уыди, уæддæр æм уырнындзи-
над кæй уыдис, уый фæрцы йæ
бон баци æмæ басывæрджын. Уы-
мæн æмæ зыдта: зæрдæ Чи бавæрд-
та, Уый Йæ дзырд нæ сайы.

**12** Æмæ уымæ гæсгæ иу лæгæй,
уымæй дæр кæй буар ныххæррæгъ,
ахæмæй, рацыд, арвыл стъалытæ
куыд бирæ ис æмæ денджызы бы-
лыл змис куыд æнæнымæц у, афтæ
бирæ адæм.

**13** Ацы адæймæгтæ иууылдæр
амардысты уырнджытæй, зæрдæ
сын цæмæй бавæрдæуыд, уый нæ
райсгæйæ; æрмæст æй федтой дард-
мæ, цин кодтой æмæ дзырдтой,
зæххыл æцæгæлæттæ æмæ рæстæг-
мæ цæрджытæ стæм, зæгъгæ.

**14** Афтæ чи зæгъы, уыдон сæ уы-
цы ныхæстæй æвдисынц, сæхи фы-
дыбæстæмæ кæй тырнынц, уый.

**15** Æмæ цы бæстæйæ рацыды-
сты, сæ хъуыдытæ ууыл куы уыда-
иккой, уæд сын уыдаид аздæхыны
фадат.

**16** Фæлæ уыдон тырныдтой хуыз-
дæрмæ, ома, уæларвон бæстæмæ.
Уымæ гæсгæ Хуыцау дæр къæм-
дзæстыг нæу, Йæхи уыдоны Хуыцау
кæй хоны, уымæй – сахар уыдонæн
æрцæттæ кодта.

**17** Хуыцау Авраамы куы фæл-
вæрдта, уæд Авраам, уырнындзи-
над æм кæй уыдис, уый фæрцы
нывондæн æрхаста Исаакы. Кæд
ын зæрдæ бавæрдæуыд, уæддæр
цæттæ уыд йæ иунæг фырты ны-
вондæн æрхæссынмæ.

**18** Исаакы тыххæй та йын афтæ
загъд уыди: «Исаакæй чи райгуы-
ра, уыдон нымад уыдзысты дæ бай-
зæддæгтыл».

**19** Авраам æууæндыди, Хуыца-
уæн Йæ бон кæй у мæрдтæй дæр
райгас кæнын. Уымæ гæсгæ Хуыцау
Авраамæн фæстæмæ радта йæ фыр-
ты, æмæ уый фæсномыгæй амыдта
фидæнмæ.

**20** Уырнындзинад æм кæй уы-
дис, уый фæрцы Исаак Хуыцауы
арфæ бафтыдта Иаковы æмæ Иса-
вы фидæныл.

**21** Иаков куы марди, уæд æм
уырнындзинад кæй уыдис, уый
фæрцы Хуыцауы арфæ бафтыдта
Иосифы алы фыртыл дæр, æрæн-
цой кодта йæ лæдзæгыл æмæ ба-
куывта Хуыцаумæ.

**22** Иосиф куы марди, уæд æм
уырнындзинад кæй уыдис, уый
фæрцы загъта, Израилы адæм Мы-
сырæй кæй рацæуадзысты, уый тых-
хæй, æмæ сын бафæдзæхста уыр-
дыгæй йе стджытæ рахæссын.

**23** Моисей куы райгуырди, уæд
йæ ныййарджытæм уырнындзинад
кæй уыдис, уый фæрцы йæ æртæ
мæйы æмбæхстой. Уымæн æмæ
сывæллон тынг рæсугъд кæй у,

---

**11:10** Дзут. 12:22. **11:11** Ром. 4:19. **11:18** Ром. 9:7.

уый федтой æмæ паддзахы бардзырдæй дæр нал фæтарстысты.

**24** Моисей йæ лæджы кары куы бацыди, уæд йæ уырнындзинады фæрцы не сразы фараоны чызджы фырты ном хæссынып,

**25** Æмæ, тæригъæдæй рæстæгмæ йæ мондæгтæ уадзыны бæсты, хуыздæрыл банымадта Хуыцауы адæмимæ тухæнтæ æвзарын.

**26** Мысыраг хæзнаты бæсты йæхицæн зынаргъдæр хæзнайыл банымадта Чырыстийау æгад æййафын, уымæн æмæ хæрзиуæг райсынмæ æнхъæлмæ каст.

**27** Паддзах дзы йæ маст кæй райсдзæн, уымæй нæ фæтæрсгæйæ, Моисей йæ уырнындзинады фæрцы ныууагъта Мысыр. Цæстæй фенæн Кæмæн нæй, уыцы Хуыцауы цыма цæстæй уыдта, афтæ фидар лæууыд.

**28** Уырнындзинад æм кæй уыдис, уый фæрцы скодта Куадзæн æмæ уæлкъæсæртæ сахуырста тугæй, цæмæй хистæр хъæбулты марæг ма бавнала израилæгты хъæбултæм.

**29** Сурзæххыл цæуæгау израилæгтæ сæ уырнындзинады фæрцы ахызтысты Сырх денджызыл, æмæ мысырæгтæ дæр ахизын куы бафæлвæрдтой, уæд фæдæлдон сты.

**30** Авд боны дæргъы Иерихоны алыварс израилæгтæ цалдæр хатты куы æрзылдысты, уæд сæ уырнындзинады фæрцы æркалдысты йæ къултæ.

**31** Уырнындзинад æм кæй уыдис, уый фæрцы хæтагсыл Раав суазæг кодта сгарджыты, æмæ нæ бабын æнæсæттонтимæ.

**32** Цы ма уын зæгъон? Рæстæг мын нæй Гедеоны, Варакы, Самсоны, Иеффайы, Давиды, Самуилы æмæ иннæ пехуымпарты тыххæй радзурынæн.

**33** Уыдонмæ уырнындзинад кæй уыдис, уый фæрцы уæлахиз кодтой паддзахæдтыл, сæ хъуыддæгтæ уыдысты раст, Хуыцау-иу сын зæрдæ цæмæй бавæрдта, уый-иу райстой, домбæйтты-иу æрсабыр кодтой,

**34** Арт сыл нæ тых кодта, аирвæзтысты-иу карды комæй, уыдысты лæмæгъ æмæ стыхджын сты, хæсты уыдысты хъаруджын, лидзæг-иу фæкодтой æцæгæлæтты æфсад.

**35** Сылгоймæгтæ-иу сæ мæрдты удæгасæй райстой. Иннæты-иу амардæуыд хъизæмары мæлæтæй — уыдон-иу сæрибар райсын нæ бакуымдтой, цæмæй райгас уой хуыздæр цардæн.

**36** Аннæтæй та кодтой хынджылæг æмæ сæ надтой ехсæй, бастой сæ рæхыстæй æмæ сæ æппæрстой ахæстæтты.

**37** Мардтой сæ дуртæй, лыгтæ сæ кодтой хырхæй, [ракъахыны сæраппонд сын ластой сæ уд,] мардтой сæ кардæй, рахау-бахау кодтой фысдзæрмтты æмæ сæгъдзæрмтты, уыдысты мæгуыр, цардæй æфхæрд æмæ ссæст.

**38** Æппæт дуне кæй аккаг нæ уыд, уыдон рахау-бахау кодтой æдзæрæг рæтты æмæ хæхты, лæгæтты æмæ цъассыты.

**39** Сæ уырнындзинады тыххæй сын сеппæтæй дæр раппæлыд Хуыцау, фæлæ сын зæрдæ цæмæй бавæрдта, уый нæ райстой.

---

**11:23** Ап. хъ. 7:20. **11:39** Лк. 10:24.

**40** Уымæн æмæ Хуыцаумæ мах тыххæй ноджы хуыздæр фæнд уыди, цæмæй уыдон æрмæстдæр махимæ суой алцæмæй дæр æнаипп.

# – 12 –

*Хуыцау – нæ хъомылгæнæг*

**1** Уæдæ йæ уырнындзинад чи равдыста, ахæм æвдисæнтæ нæ алыварс уыйас бирæ кæм сты, уым мах дæр ныууадзæм, фæстæмæ ныл цы хæцы, æппæт уыдæттæ, стæй нæ æнцонæй чи æрцахсы, уыцы тæригъæд æмæ, нæ размæ цы фæндаг ис, ууыл тындзæм фæразонæй,

**2** Уырнындзинад Чи дætты æмæ йæ алцæмæй дæр æххæст Чи кæны, уыцы Йесомæ кæсгæйæ: цы цины аккаг уыд, уый бæсты фæразонæй фæхъизæмар кодта, æгад ницæмæ æрдаргæйæ, амард дзуарыл, æмæ ныр бады Хуыцауы рахиз фарс.

**3** Ахъуыды кæнут тæригъæдджынтæй ахæм æфхæрд Бавзарæгыл, цæмæй ма сæдых æмæ ма слæмæгъ уат удæй.

**4** Тæригъæды ныхмæ сымах нырма мæлæтдзаг тох нæма кодтат,

**5** Æмæ уын, хъæбултау, уæ зæрдæ фæфидар кæнынæн цы загъд уыди, уый уæ ферох: «Мæ хъæбул, Хуыцауы æфхæрдмæ ницæмæ йæ дарыны цæстæй ма кæс, æмæ дын куы бауайдзæф кæны, уæд дæ ныфс ма сæттæд.

**6** Уымæн æмæ Хуыцау кæй уарзы, уыцы адæймаджы бафхæры; нæмгæ та кæны, Йæхицæн фырт кæй скæны, уыдонæй алкæй дæр».

**7** Уæ хъомыл кæныны сæраппонд быхсут æфхæрдæн – уымæй Хуыцау æвдисы, хъæбулты цæстæй уæм кæй кæсы, уый. Ахæм фырт ис, мыййаг, фыд кæй нæ бафхæры?

**8** Æппæт хъæбулты куыд бафхæрдæуы, кæд ахæм æфхæрд не 'ййафут, уæд сымах æцæг хъæбултæ нæ, фæлæ дзæгъæлзад сывæллæттæ стут.

**9** Нæ зæххон ныййарджытæ нæ æфхæрдтой, æмæ сæ мах куы нымадтам, уæд мыггагмæйы царды сæраппонд куыннæ хъуамæ кæсæм нæ Уæларвон Фыды коммæ!

**10** Ныййарджытæ нæ цыбыр рæстæджы дæргъы æфхæрдтой, куыд сæм хуыздæр касти, афтæ; Хуыцау та нæ нæхи пайдайæн бафхæры, цæмæй уæм Йæ сыгъдæгдзинадæй хайджын.

**11** Алы æфхæрд дæр нын фыццаг æхсызгон нæ вæййы – хъыг нæм фæкæсы. Фæлæ нæ фæстæдæр уыцы æфхæрд куы сахуыр кæны, уæд нæ цард свæййы фæрнджын æмæ раст.

*Зондамонæн ныхæстæ*

**12** Уæдæ сфидар кæнут уæ мæрдхуыст цæнгтæ æмæ, чи слæмæгъ, уæ уыцы уæрджытæ,

**13** Æмæ цæут раст фæндагыл уæ къæхтæй, цæмæй къуылых къах тынгдæр ма фæкъæдз уа, фæлæ сдзæбæх уа.

---

[12:1] 1 Пет. 2:1; Ром. 6:12; Эф. 4:22; Кол. 3:8. [12:2] Лк. 23:46; Флп. 2:8.
[12:3] Лк. 2:34; Ап. хъ. 28:22; Гал. 6:9. [12:4] 1 Кор. 10:13. [12:5] Æрг. 3:19.
[12:10] Мф. 7:11; Тит. 2:12.

**14** Архайут алкæимæ дæр фидыдæй цæрыныл; тырнут уæхи сыгъдæгæй дарынмæ, уымæн æмæ æнæ уымæй Хицауы ничи фендзæн.

**15** Кæсут уæхимæ, цæмæй уæ Хуыцауы хорзæхæй æнæхай мачи фæуа, цæмæй уе ’хсæн маргджын зайæгойау мачи сырæза æмæ ма фæхъæстæ кæна бирæты,

**16** Цæмæй уæм ма уа хæтаг, кæнæ æнæхуыцау, Исавау хистæр фырты бартæ иу хъæрмхуыппы къусыл чи баивта.

**17** Сымах куыд зонут, афтæмæй Исавы фæстæдæр æрхъуыд йæ фыды арфæ, фæлæ дзы æнæхай фæци, уымæн æмæ, кæд кæугæйæ куырдта, уæддæр фыды фæнд аивын йæ бон нал уыд.

**18** Уырзæй басгарæн кæмæн ис æмæ арт кæуыл судзы, сымах ахæм хохмæ не ’рцыдыстут, не ’рцыдыстут талынгмæ, саудалынг æмæ уадмæ,

**19** Сыкъауадындзы уастмæ æмæ Хуыцауы хъæлæсмæ. Адæм æй куы фехъуыстой, уæд куырдтой, цæмæй сын мацыуал дзура.

**20** Уымæн æмæ адæмы бон нæ уыд, цы сын фæдзæхстæуыди, уымæ хъусын: «Хохыл суанг сырд куы бандзæва, уæд уый дæр мард æрцæуæд дуртæй».

**21** Æмæ цы федтой, уый сæ ахæм тас бауагъта, æмæ Моисей загъта: «Ризæг мыл бахæцыд фыртæссæй».

**22** Сымах та æрцыдыстут Сионы хохмæ æмæ цардæгас Хуыцауы сахармæ – уæларвон Иерусалиммæ, æнæнымæц зæдты цины æмбырдмæ,

**23** Уæлæрвты кæй нæмттæ фыст сты, уыцы фыццаггуырд хъæбулты Аргъуанмæ, алкæмæн дæр Тæрхонгæнæг Хуыцаумæ, алцæмæй дæр æнаипп чи сси, уыцы рæстгæнджыты удтæм,

**24** Ног фидыды Æхсæнылæг Йесомæ æмæ, мах чи ссыгъдæг кодта, Йæ уыцы Тугмæ – Авелы тугæй уыцы Туг хуыздæрыл дзуры.

**25** Кæсут, дзургæ Чи кæны, Уымæ æнæбайхъусгæ ма фæут. Зæххыл Чи дзырдта, Уымæ цы адæм нæ байхъуыстой, кæд уыдон æнæфхæрдæй нæ аирвæзтысты, уæд махæн та æнæфхæрдæй баззайæн уæвгæ дæр нæй, уæлæрвтæй Чи дзуры, Уымæй не ’ргом куы аздахæм, уæд.

**26** Уæды заманы Йæ хъæлæсæй нынкъуыста зæхх, æмæ та ныр дæр дзырд радта: «Ноджы ма иу хатт нынкъусдзынæн канд зæхх нæ, фæлæ арв дæр».

**27** Ныхæстæ «ноджы ма иу хатт» æвдисынц, цы сфæлдыстæуыд, уый кæй нынкъуысдзæн æмæ йæ кæй аивдæуыдзæн, цæмæй мыггагмæ баззайа, æнæфæцудгæ цы у, уый.

**28** Уæдæ, æнæфæцудгæ Паддзахадмæ цæугæйæ, хъуамæ уæм бузныг, æмæ Йын æхцон куыд уа, афтæ хъуамæ кусæм Хуыцауæн, аргъ Ын кæнгæйæ æмæ Дзы тæрсгæйæ.

**29** Уымæн æмæ нæ Хуыцау у æппæт ныхъуырæг арт.

---

**12:14** Ром. 12:8; 2 Кор. 7:1; 1 Фес. 4:3. **12:15** Гал. 5:9; 2 Тим. 2:17. **12:16** 1 Кор. 6:15. **12:22** Гал. 4:26; Æрг. 3:12. **12:23** Лк. 10:20; Æрг. 13:8. **12:24** 1 Тим. 2:5. **12:25** Дзут. 1:2; 2:1; 3:17. **12:27** Мф. 24:35. **12:28** Лк. 1:33.

# – 13 –

*Фæдзæхстытæ æмæ арфæтæ*

**1** Æфсымæртау иудадзыг уарзут кæрæдзи.

**2** Уазæгуарзон кæй хъуамæ уат, уый уæ рох ма уæд. Уазæгуарзон кæй уыдысты, уымæ гæсгæ иуæйиутæ, кæй уазæг кæнынц, уый нæ зонгæйæ, суазæг кодтой зæдты.

**3** Ма рох кæнут ахæстыты, цыма уæхæдæг дæр семæ ахæстоны стут, уыйау. Уæ зæрдыл дарут, тухæнтæ чи æвзары, уыдоны – гæнæн ис, æмæ уæхи дæр бахъæуа тухæнтæ æвзарын.

**4** Алчидæр къайадæн кæнæд аргъ æмæ уæ хуыссæн уæд сыгъдæг. Хæлд адæмæн æмæ хæзгултæн Хуыцау тæрхон кæндзæн.

**5** Æхцауарз ма ут, фæлæ уæм цы ис, уый фагыл нымайут. Уымæн æмæ Хуыцау Йæхæдæг загъта: «Нæ дæ ныууадздзынæн æмæ дæ нæ аппардзынæн».

**6** Уымæ гæсгæ ныфсджынæй зæгъæм: «Хицау мын у æххуысгæнæг, æмæ нæ фæтæрсдзынæн: цы мын бакæндзæн адæймаг?»

**7** Ма рох кæнут, Хуыцауы ныхас уын чи амыдта, уæ уыцы хистæрты; куыд фæцардысты æмæ сæ цард цæуыл ахицæн, уый дарут уæ зæрдыл æмæ сын фæзмут сæ уырныдзинад.

**8** Йесо Чырысти знон цавæр уыд, абон дæр ахæм у, æмæ мыггагмæ дæр ахæм уыдзæн.

**9** Алыхуызон æмæ æцæгæлон ахуырæдтæ уæ сæ фæдыл ма асайæнт. Зæрдætæ фидар кæнын хорз у, цы хæрын фæччы æмæ нæ фæччы, уыцы уагæвæрдтæй нæ, фæлæ Хуыцауы хорзæхæй. Чи сæ æххæст кæны, уыдонæн дæр ницы пайда æрхастой.

**10** Махæн ис, Сыгъдæг Цатыры лæггадгæнджытæн хæрыны бар кæцæй нæй, ахæм нывондхæссæн.

**11** Тæригъæдтæй ссыгъдæг кæныны тыххæй алчер Иууылсыгъдæгмæ цы фосы туг бахæссы, уыдоны басыгъдæуы адæмы цæрæнуаты æдде.

**12** Афтæ Йесо дæр, адæмы Йæ Тугæй ссыгъдæг кæныны сæраппонд, амарди фæссахар.

**13** Уæдæ Йæм фæцæуæм фæссахармæ, æмæ Йæ æгад мах æгад дæр суæд.

**14** Уымæн æмæ нын ам, æдзух кæм уыдзыстæм, ахæм сахар нæй, фæлæ тырнæм фидæны сахармæ.

**15** Цæй уæдæ Йесойы фæрцы иудадзыг æппæлæм Хуыцауæй – уадз æмæ Йын уый уа нæ нывонд, æмæ афтæмæй кадджын кæнæм Йæ ном.

**16** Рохуаты ма ныууадзут хорзы цæуын дæр, цы уæм ис, уымæй иннæтæн хай кæнын – ахæм нывондтæ Хуыцауæн æхцон сты.

**17** Уæ хистæртæ сымах удтыл тыхсынц – сымах тыххæй сæ дзуапп дæттын бахъæудзæн, æмæ сæм хъусут, кæсут сæ коммæ, цæмæй кусой æнкъардæй нæ,

---

**13:2** Мф. 25:35; Ром. 12:13. **13:8** 1 Кор. 3:11; Æрг. 1:4. **13:9** Ин. 6:27; Эф. 4:14. **13:10** 1 Кор. 9:13. **13:12** Мф. 21:39; 27:33; Æрг. 1:5. **13:13** 1 Пет. 4:14; Дзут. 11:26; 12:2. **13:14** Флп. 3:20; Дзут. 12:22. **13:16** 2 Кор. 9:12; Флп. 4:18.

фæлæ цингæнгæ. Æнкъардæй куы кусой, уæд уый уæ пайдайæн нæу.

**18** Кувут мах тыххæй. Нæ цæсгом сыгъдæг кæй у, уый нын дызæрдыггаг нæу, уымæн æмæ архайæм алцæмæй дæр рæстæй цæрыныл.

**19** Кувын уæ уæлдайдæр уый тыххæй курын, цæмæй уæм æрыздæхон тагъддæр.

**20** Мыггагмæйы фидыд фидаргонд цы Тугæй æрцыд, уый фæрцы фысты стыр Фыййау Чи сси, нæ уыцы Хицау Йесойы мæрдтæй райгасгæнæг фæрнджын Хуыцау

**21** Сымах схайджын кæнæд алы хорзæхæй дæр, Йæ фæндон куыд æххæст кæнат, афтæ. Уадз æмæ нын Хуыцау Йесо Чырыстийы фæрцы нæ зæрдæйы сфæлдисæд, фæндон Ын цы у, уый. Чырыстийæн кад уæд мыггагæй-мыггагмæ! Амен.

**22** Курын уæ, æфсымæртæ, байхъусут ацы ныфсдæттæг ныхæстæм. Æз уæм бирæ дæр куы нæ ныффыстон.

**23** Хъусын уын кæнын, не 'фсымæр Тимофей кæй суæгъд, уый тыххæй. Æмæ кæд рæхджы æрцæуа, уæд уæ бабæрæг кæндзыстæм иумæ.

**24** Саламтæ раттут уеппæт хистæртæн æмæ æппæт сыгъдæгджытæн. Саламтæ уын дæттынц италиаг уырнджытæ.

**25** Хуыцауы хорзæх уеппæты дæр уæд.

---

**13:17** Мф. 25:13; Ап. хъ. 20:31; 1 Кор. 4:1. **13:18** Ап. хъ. 23:1; Ром. 15:30.
**13:20** Ин. 10:11; Ап. хъ. 2:24; 1 Фес. 1:10. **13:21** 1 Пет. 5:10; 2 Кор. 3:5; 1 Фес. 5:23.